



## *Lis Lesiv la* *(14 Karakteristik yon Timoun Granmoun ki se Pitit yon Alkolik)*

*Sa yo se karakteristik nou sanble genyen an komen akòz lefèt ke nou te grandi nan yon kay ki gen alkòl oswa ki gen pwoblèm sante.*

- 1) Nou vin izole epi nou pè moun ak moun ki gen otorite.
- 2) Nou vin ap chèche apwobasyon epi nou pèdi idantite nou nan pwosesis la.
- 3) Nou pè lè moun fache oswa si yo fè nou nenpòt kritik pèsònèl.
- 4) Swa nou vin alkolik, marye ak alkolik oswa toude, oswa nou jwenn yon lòt tip moun ki gen yon pèsònalite ki gen depandan tankou yon moun ki travay twòp pou satisfè bezwen abandon malad nou yo.
- 5) Nou viv lavi nou tankou viktim e nou atire pa feblès sa a nan relasyon lanmou oswa amitye nou yo.
- 6) Nou gen yon sans responsablite ki twò devlope, epi li pi fasil pou nou okipe nou de lòt moun pase de tèt nou; sa ede nou pa gade twòp sou defo pa nou.
- 7) Nou santi nou koupab lè nou defann tèt nou olye nou bay lòt moun rezon.
- 8) Nou vin adikte ak eksitasyon.
- 9) Nou konfonn lanmou ak pitye, epi nou gen tandans “renmen” moun nou ka “fè pitye” ak “sove.”
- 10) Nou kenbe santiman nou yo andedan nou depi timoun, e nou pèdi kapasite pou nou santi oswa ekspri sa nou santi paske li fè twòp lapèn.
- 11) Nou jije tèt nou sevèman epi nou pa gen ase valè pou tèt nou.
- 12) Nou gen pèsònalite depandan ki pè abandon, e nap fè tout sa nou kapab pou nou kenbe yon relasyon, jis pou nou pa santi doulè abandon sa a nou te resevwa nan men moun malad ki te la fizikman, men pa t la emosyonèlman pou nou.
- 13) Alkòl se yon maladi fanmi; epi nou vin para-alkòlik epi nou pran karakteristik maladi sa a menm si nou pa t janm bwè.
- 14) Para-alkolik yo se moun ki reyaji (reyaktè) olye yo aji ak konsyans (aktè).

Tony A. 1979